

# Тема :

# Инхоса Г1алих1ажияв

# «Бечедал чаг1азде»

## Дарсил мурад:

1.Бит1ун ва пасих1го ц1алиялъул бажари камил гьаби.

2. Г1адатаб анализалъул кумекалдалъун чияр гъиналдалъун бечелъарал чаг1азул рух1ияб хъарцинлъи, талих1алъул бег1укълъи, г1акълудал мукъсанлъи, намус-ях1 гьеч1олъи, гьезул г1умруялъул ч1ег1ерлъи бихьизаби.

Жидерго гъиналдалъун бет1ербахъи гьабулел мискинзабазул сахаватлъи, ях1-намусалъул к1одолъи , рек1ел бечелъи баян гьаби.

3. Нек1сиябги гьанжесебги г1умруялъул шарт1ал дандеккун, х1асил гьабизе лъималазда малъи.

4. Аллитерациялъулгун практикияб лъай-хъвай гъварид гьаби.



Г1алих1ажиясул росу- Т1адинхо

# Шагlир, гlалим, гlакъил...



1846-1891 с.

Фонарь буго гIелму,
гIадан цIунулеб,
ГIадлу-низамалде
гIалам ахIулеб
Цоялъ хIанчIараб жо
цоялъ кваналеб,
Цаги гIусги буго
гIелмугин гIакълу.

Инхоса Г1алих1ажияв

« Бечедал чаг1азде»

*Г1одосанго кьибил кьурарабилан,*
*Кьурдизе гурони азда лъалареб;*
*Кьолболъанго тухум бечедабилан,*
*Кваназе гурони дурр махщел гьеч1еб.*

*Ах1улел куч1дулги кепал харбалги,*
*Керен чучиялъе, чан гьел нужее.*
*Чамасдакил гъот1окь гъоркь г1одорги ч1ун,*
*Г1умру киназулго кеп-сух1маталда.*

*Квание х1алги кьун, х1алт1и к1очон тун,*
*К1варал мискинзаби зурулел гьанже.*
*Зарукь х1инкъарал къан, къурал хъатикь ккун,*
*Къват1иб- щакаб зайну, зулму-халкъалда.*

## Аллитерациялъулгун лъай-хъвай гъварид гьаби

Квание х1алги кьун, х1алт1и к1очон тун ,
К-Х1-Х1-К1
К1варал мискинзаби зурулел гьанже.
К1-З-З-
Зарукь х1инкъарал къан, къурал хъатикь ккун,
З-Х1-Къ-Къ
Къват1иб щакаб зайну-зулму халкъалда.
Къ-З-З-Къ

Къо-мех лъик1!

Лъик1аб раг1аги лъик1аб бихьаги!